



Romadon jeung Sasalad Corona

Ku : Dr. H. Tatang Ibrahim, M. Pd. *)

Alhmdulillah wa syukurillah, takdir Alloh SWT., kaum muslimin ditepungkeun deui jeung bulan anu agung, bulan Romadon 1441 H. kalayan pinuh kabungah kaasup umat Islam di nagara urang, Indonésia. Paréntah diwajibkeunana puasa bulan Romadon kaunggel dina dawuhan Alloh SWT anu pihartoseuna, "Yeuh jalma nu ariman, diparéntahkeun ka maranéh kabéh pikeun puasa, sakumaha anu geus diparéntahkeun ka umat saméméh maranéh, supaya aranjeun jadi jalma takwa" (QS Al-Baqoroh ayat 183).

Ngan sok sanajan kitu, bulan Romadon nu ayeuna mah, umat Islam keur aya dina kaprihatinan, meunang cocoba ti nu Maha Kawasa, Alloh SWT, nyaéta mareng jeung datangna virus corona atawa covid-19.

Ceuk WHO, Covid-19 singkatan tina 'Co' ngandung harti 'Corona', 'vi' virus, jeung "d" disease nu hartina panyakit, sedengkeun "19" taun kapanggihna éta panyakit, nyaéta ti kota Wuhan, nagara China, Tiongkok. 31 Desember 2019. Ceuk béja virus corona nyerang kana tikoro, batuk-batuk, muriang, terus eungap nu ahirna nepi kana paru-paru, antukna megatkeun nyawa. Hama corona teu pipilih, rék ménak, cacah, inohong, kolot, nonoman jeung sajabana. Kitu deui teu pipilih agama, atawa ras, kabéh bisa katépaan ku sasalad corona, lamun kurang hati-hati, saperti hirup teu berséka, kurang séhat, jorok-botrok.

Virus corona ngageunjeungkeun buana raya, kaasup ka nagara urang. Balukarna, sakumna lampah jeung polah kudu robah, boh masalah sosial, kagiatan ékonomi, pulitik tug nepi kana

masalah prak-prakan ibadah. Dina perkara ibadah, saperti nu tadina solat lima waktuna geus biasa dilaksanakeun berjamaah di masjid, tapi sanggeus aya sasalad corona utamana di lingkungan nu geus loba tatalépana, mangka kagiatan ibadah ogé robah jadi di imah. Tangtos ku robahna tempat museurna ibadah, teu ngajantenkeun leungiteun kahusuan dina ibadahna, kitu deui gajaranana, sapertos patali sareng gajaran 27 darajat keur nu berjamaah utamana di masjid tinimbang solat munfarid. Mudah-mudahan dina kaayaan uzur tatalépana panyakit saperti ayeuna, Alloh Nu Maha Welas Asih salawasna maparinar Rohmat sareng panangtayungan ka saban hamba-Na.

Kitu deui dina ibadah-ibadah lianna, kaasup dina bulan Romadon, saperti solat tarawéh, tadarus, i'tikaf, jeung ibadah séjénna ngeunaan bulan Romadon. Nu mana luyu jeung anjuran pamaréntah, dina raraga nyegah tatalépana panyakit corona, mangka kagiatan ibadah dilaksanakeun di imah, henteu deui dipuseurkeun di masjid. Lantaran di masjid bisa waé antel pataréma leungeun, nu mémang ngajadikeun datangna kamudorotan.

Mahabuna virus corona, balukarna deuih kana soal ékonomi, nu mana jalma-jalma ayeuna lir hariwang lantaran heureut usaha, da teu meunang kalaluar ti imah téa. Ari di imah, tos ilahar, apan keur jalma biasa-biasa mah, bekel téh mingkin sisip, kurud, béak, kajaba golongan jalmi nu aya dina kacukupan, sapertina waé PNS, TNI, Polri, Anggota Dewan jeung kaum agnia lianna, nu tangtu moal teuing sacara ékonomi teu karasa pangaruhna.

Margi kitu, utamana keur masarakat atawa kaum buruh, padagang kaki lima, kuli poéan jeung sajabana, bakal loba pangaruh nu leuwih hariwang, sok sanajan bakal aya bantuan ti pamaréntah. Atuh keur kataraptian, sawadina pamaréntah supaya leuwih taliti dina milah-milih, saha nu boga hak atawa henteuna. Lantaran nu teu dipiharep, jalma nu mampuh meunang bantuan/sembako, sedengkeun jalma nu mampuh saukur ngégél curuk alias teu meunang bantuan. Balukar sasalad corona, utamana keur kaum nu kurang

mampuh mémang teu bisa disinglar deui. Sok komo, dina waktuna kudu heureut léngkah atawa pamaréntah nyaram lalampahan, kaasup nyaram balik ka lemburna, lantaran bisi dianggap mawa corona, komo datangna ti zona beureum saperti Jakarta jeung Bandung. Dina bisa mulang ka lembur ogé, kudu lapor ka pamaréntah, ka RT/RW, terus ngurung karep salila 14 poé.

Ti mimiti mahabuna Corona di nagara urang, 2 Maret 2020 nepi ka kiwari, can aya kapastian duka iraha bakal ingkahna. Pamaréntah kungsi ngabéwarakeun ngeunaan nyegah nyebarna Corona ti tanggal 16-29 Maret, tapi bukti na ditambahan deui waktuna nepi ka 29 Mei 2020. Sedengkeun bulan Méi, jinek masih aya dina bulan Romadon pon kitu deui Lebaran 24-25 Mei 2020. Anapon ibadah dina Bulan Suci Romadon taun 1441 H anu mareng jeung usum sasalad Corona, tempat jeung rupa-rupa ibadah ogé robah, saperti naon nu dianjurkeun ku Menteri Agama ngaliwatan Surat Édaran (SÉ) No. 6 Tahun 2020 Tengah: Panduan Ibadah Romadon & Idul Fitri 1 Syawal 144 H di Tengah Pandemi Wabah Covid-19.

Dina surat édaranana, diatur tata cara ngalaksanakeun ibadah dina Bulan Suci Romadon, ti mimiti tarawéh, nepi ka ibadah-ibadah séjénna, sok sanajan ieu aturan henteu ngiket ka sakumna tempat. Hartina, henteu saklek, upamana baé pikeun daérah nu can kaasup zona beureum mah, meunang ngalaksanakeun salat tarawéh berjamaah di masjid, tadarus di masjid, asal tetep tigin kana aturan standar kaséhatan saperti nyadiakeun cai jeung sabun, alat ukur suhu awak, marawa sajadah masing-masing, ngajaga jarak jeung sajabana.

Niténan tur ngariksa kana robahna kaayaan, teu aya deui anging neda pitulung Alloh SWT. Mudah-mudahan, Alloh SWT. salawasna masihan pitulung sareng ngawales kana sagala rupa ibadah urang sadayana. Amin Ya Robbal 'Alamin.***

*) *Dosén Prodi MPI FTK UIN Sunan Gunung Djati Bandung*